

5YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPONS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

13 NOVANM 2002

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye pati a ak dezyèm pati a nan ti liv sa a; twazyèm pati a nan liv 2 a.

Premye pati a gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papyè apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm pati a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye liv la.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L

Premye pati

ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Premye pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons, ki make A jiska D. Li chak kesyon avèk atansyon. Chwazi bon repons la. Make repons nou yo nan fèy kote pou ekri repons yo. Pou chak kesyon yo, nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons nou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou nou make repons nou yo sou fèy la.

Li **egzanp** ki la a:

Egzanp

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) New York City
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy pou nou make repons lan, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk yo pou repons pou kesyon nan egznanp sa a. Kòm se chwa **B** ki repons ki bon an pou kesyon nan egznanp sa a, se ti sèk gi gen lèt **B** a ki nwasi.


Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Premye pati nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase l byen efase. Ou gen dwa pa ka reponn kèk kesyon, men, fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Premye pati a, ale nan Dezyèm pati a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Baze repons ou a kesyon 1 ak 2, sou shema peryòd yo dekri anba a.



Sous: *United States Adventures in Time and Place*, Macmillan McGraw-Hill (adapte)

1 Ki lè Enka yo te etabli yo nan Cuzco?

- (A) 1050 (C) 1438
(B) 1100 (D) 1650

2 Daprè sa yo dekri nan peryòd yo, apeprè konbyen tan Anpi Enka a te dire?


- (A) 135 (C) 1572
(B) 500 (D) 1650

3 Yo rele fason tan an deroule nan yon kote pandan yon peryòd,

- (A) imidite (C) tanperati
(B) klima (D) presipitasyon

Baze repons ou a kesyon 4 ak 5 yo sou kat sa a.

Latitid ak Longitid



Sous: *America Past and Present*, Scott Foresman and Co.(adapte)

4 Sou kat lan, ki vil ki sitiye a 90° W a 30° N?

- | | |
|---------------|-----------------|
| (A) Vancouver | (C) Boston |
| (B) Miami | (D) New Orleans |

5 Kiyès nan vil sa yo ki plis a lwès Denver?

- | | |
|-----------------|-------------------|
| (A) Baltimore | (C) Honolulu |
| (B) Los Angeles | (D) San Francisco |

Baze repons ou a kesyon 6 lan sou kat la.



6 Vil tankou San José, Havana, Mexico City, ak San Salvador sanble paske yo tout

- (A) an Amerik di Sid (C) o nò Jamaica
 (B) fè pati de Etazini (D) kapital yon peyi

7 Kilès lan aktivite sa yo ki yon egzanp konsèvasyon?

- (A) fouye min chabon (C) fouye pou cache lwil
 (B) resikle papyè ak plastik (D) fè lapèch komèsyal

Baze repons ou a kesyon 8 lan sou ti lis sa a.

I. _____

- A. Iben
- B. Riral
- C. Ozanviron lavil

8 Ki ta meyè tit pou nou ta ba ti lis sa a?

- (A) Lavi a la kanpay
 - (B) Peyizaj lavil
 - (C) Tip kominote
 - (D) Jan de travay
-

9 Sak fè pifò gran vil yo ganyen gwo bilding ki ho yo?

- (A) Gan bèl panorama nan bilding ki wo yo.
- (B) La ri yo twò etwat nan pifò vil yo.
- (C) Anpil moun bezwen espas pou yo viv ak pou yo travay.
- (D) Bilding sa yo pi bèl pase kay.

10 Kilès pami moun sa yo ki ede pwodwi machandiz olye li bay yon sèvis?

- (A) pwofesè
- (B) doktè
- (C) fèmeye
- (D) sèvez nan restoran

11 Lè you peyi gen demokrasi ladan l, sitwayen vin chèf sèlman lè

- (A) pèp lan chwazi yo nan yon eleksyon
- (B) yo eritye pozisyon an depi yo fèt
- (C) ranpòte lavitwa nan lagè
- (D) te nonmen pa yon rwa

12 Ki jan aktivite ki endike bonjan angajman politik nan yon kominote?

- (A) sèvi ak bibliyotèk lan
- (B) poze kandidati w pou majistra konminal
- (C) peye yon tikè paking
- (D) sèvi ak twotwa espesyal pou janbe lari an

Baze repons ou a kesyon 13 lan sou enfòmasyon ki lan ti kazye sa a.

- Yo te sèvi ak bokit an fè yo te jwenn an echanj kont po bèt
- Yo te konn mete rad ki fèt an lèn, an koton, ou an twal, se pat po bèt sèlman yo te konn mete
- Yo te konn sèvi ak zen ki te fèt an metal olye de sa ki te fèt an zo yo
- Yo te pran maladi tankou verèt ak lawoujòl, ki yon seri maladi ki te soti nan nan Emisfè Oksidantal la

13 Deklarasyon sa yo montre kouman

- (A) Imigran Azyatik yo te chanje lavi Ameriken yo
 - (B) Ewopeyen yo te chanje lavi Endyen ameriken natifnatal yo
 - (C) Endyen ameriken natifnatal yo te chanje lavi Ewopeyen yo
 - (D) Ameriken yo te chanje lavi Meksiken yo
-

Baze repons ou a kesyon 14 lan sou ti shema sa a.

I. Kolonizatè ki te vinn etabli yo nan yon nouvo peyi

A. Plasman kay yo


1. _____
2. toupre bwa, wòch, glèz, oubyen lòt materyo konstriksyon
3. toupre tè fètil pou yo fè jaden
4. toupre yon kote pou yo travay pou yo ka viv

14 Ki ta meyè chwa pou konplete ti lis sa a?

- (A) toupre yon magazen
 - (B) toupre yon sous dlo
 - (C) toupre yon vwazen
 - (D) toupre yon mòn
-

- 15** Ki moun ki te kòmandan Lame Kontinantal lan pandan Lagè Revolisyonè an?
- (A) Benjamin Franklin (C) George Washington
(B) Paul Revere (D) Thomas Jefferson
- 16** Kilès pami evènman sa yo ki te pase avan lòt yo?
- (A) arive Ewopeyen yo → Lagè Revolisyonè an → peryòd kolonyal lan
(B) Lagè Revolisyonè an → arive Ewopeyen yo → peryòd kolonyal lan
(C) arive Ewopeyen yo → peryòd kolonyal lan → Lagè Revolisyonè an
(D) peryòd kolonyal lan → arive Ewopeyen yo → Lagè Revolisyonè an
- 17** Laplipa nouvo abitan ki te vin lan “New England” nan kòmansman ane 1600 yo tap chache
- (A) pi bon tè pou yo te plante (C) lò ak ajan
(B) libète relijyon (D) chemen pou y al nan zòn Pasifik lan
- 18** Ki te rezon prensipal ki te fè koloni nan zòn nò yo te gan mwens esklav pase koloni nan zòn sid yo?
- (A) Esklav yo pat renmen klima frèt lan.
(B) Koloni nan zòn nò yo te gan pibon tè pou fè jaden.
(C) Li te pran plis tan pou vwayaje soti an Afrik de Lwès pou ale nan koloni nan zòn nò yo pase pou te ale nan koloni nan zòn sid yo.
(D) Lesklavaj pat rapòte otan nan koloni nan zòn nò yo.
- 19** Ki dokiman ke yo te ekri pandan Revolisyon Amerikèn lan ki eksplike desizyon kolon yo pou yo kase asosyasyon yo ak Langletè?
- (A) Deklarasyon Endepandans lan (C) Atik Konfederasyon yo
(B) Deklarasyon Dwa yo (D) Konstitisyon an

Baze repons ou a kesyon 20 an sou ti desen sa a.



Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett Co. (adapte)


20 Pandan ki deseni apeprè yon milyon edmi moun te vin o Zetazini?

- (A) 1820–1830 (C) 1840–1850
(B) 1830–1840 (D) 1850–1860
-

21 Ki 2 Gran Lak ki sou frontyè leta New York?

- (A) Huron ak Erie (C) Ontario ak Superior
(B) Michigan ak Huron (D) Erie ak Ontario

Baze repons ou a kesyon 22 an sou ti tablo sa a.



Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett Co. (adapte)

22 Depi 1900, popilasyon leta New York te chanje anpil. Pandan ki peryòd 20 an popilasyon an te chanje *mwens*?

- | | |
|---------------|---------------|
| (A) 1900–1920 | (C) 1940–1960 |
| (B) 1920–1940 | (D) 1960–1980 |

23 Nan yon vilaj nan zòn nò leta New York, te gan 300 fèm an 1876 men an 1996 te gen 30 sèlman. Sa se yon egzanp de

- | | |
|------------------------|---------------------------|
| (A) chanjman ekonomik | (C) entèdepandans politik |
| (B) chanjman nan klima | (D) kilti ak tradisyon |

24 Kilès pami deklarasyon sa yo ki kòrèk konsènan branch egzekitif gouvenman leta New York?

- (A) Chèf branch egzekitif lan eli pou 4 an.
- (B) Se branch egzekitif lan ki dirije sistèm tout tribinal yo.
- (C) Se minis lajistis lan ki chèf branch egzekitif lan.
- (D) Se nan vil New York pi fò biwo branch egzekitif yo ye.

Baze repons ou a kesyon 25 lan sou tablo sa a.

Popilasyon Pi Gwo Vil Leta New York, 1860–1900					
	1860	1870	1880	1890	1900
New York City	813,669	942,292	1,206,299	1,515,301	3,437,202
Buffalo	81,120	117,714	155,134	255,664	352,387
Albany	62,367	69,422	90,758	94,923	94,151
Rochester	48,204	62,386	89,366	133,896	162,608
Syracuse	28,119	45,051	51,792	88,143	108,374

Sous: F. Daniel Larkin et al., *New York Yesterday and Today*, Silver Burdett Co.

25 Ki vil ke popilasyon li te ogmante de 100.000 moun ant 1880 ak 1890?

- (A) New York City (C) Albany
(B) Buffalo (D) Rochester
-

26 Sitwayen ki kanpe devan drapo Etazini an epi ki resite “Pledge of Allegiance lan” demontre

- (A) pasyans yo (C) entèdepandans yo
(B) senpati yo (D) lwayote yo

27 Pou you moun kab vote o Zetazini, li fèt pou li


- (A) se yon gason ki ganyen omwen 18 an
(B) se yon sitwayen ameriken ki ganyen omwen 18 an
(C) se yon sitwayen ameriken k ap travay a plen tan
(D) gen omwen 21 an epi pou li posede yon pwopriyete

28 Twa (3) branch gouvènman nasyonal lan se

- (A) egzekitif, lejislatif, jidisy (C) lokal, leta, federal
(B) prezidan, lame, lamarin (D) tribinal, kapital, gouvènè

Baze repons ou yo a kesyon 29 al 31 sou kat sa a.

Depite O Zetazini (Resansman 2000-lan)



Sous: Biwo Resansman o Zetazini

29 Ki *pi piti* kantite depite yon eta kapab genyen?

- (A) 1
- (B) 2
- (C) 3
- (D) 4


30 Konbyen depite leta New York genyen?

- (A) 5
- (B) 23
- (C) 29
- (D) 32

31 Kantite depite yon eta ka voye Washington, D.C. baze sou

- (A) grandè l
- (B) richès li
- (C) kantite vil li genyen
- (D) popilasyon li

Baze repons ou a kesyon 32 an sou kat sa a.




Sous: *People and Neighbors*, Macmillan Publishing Co.

32 Dapre kat lan, pifò lari nan vil sa a plase nan

- (A) direksyon nò pou ale nan sid (C) direksyon wès pou ale a lès
 (B) direksyon nòdwès pou ale a lès (D) direksyon sid pou ale nan nòdès

Baze repons ou a kesyon 33 ak 34 sou kat otowout leta Kalifòni yo mete anba a.



Sous: *Maps, Charts, Graphs: States and Regions*, Modern Curriculum Press (adapte)


33 Bò ki vil ke Otowout leta 299 la kwaze avèk Hayway intèstet 5?

- (A) Fresno
- (B) Los Angeles
- (C) Hollywood
- (D) Redding

34 Apeprè ki distans an mil ki genyen ant Pak Nasyonal Redwood ak vil San Francisco?

- (A) 150
- (B) 300
- (C) 350
- (D) 450

Baze repons ou a kesyon 35 lan sou kat sa a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



35 Nan ki zòn nan Etazini an apeprè menm kantite lapli a tonbe tout kote nan zòn lan?

- (A) Nan Sid nan zòn Santral
- (B) Nan zòn Sidès
- (C) Nan Mi Atlantik lan
- (D) Nan zòn Pasifik lan

FOR TEACHER USE ONLY


Part I Score _____

Maximum Total is 35 Points

Dezyèm Pati

Esplikasyon: Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas yo ba ou nan ti liv egzamen sa a.

Baze repons ou a kesyon 1 ak 2 sou kat sa a.




1 Dapre kat sa a, konbyen tribi ki te fè pati "Haudenosaunee" (Konfederasyon Iroquois a)? [1]

_____ Nòt

2 Ki tribi "Algonquian" ki te abite kote yo rele "Long Island" kounye an? [1]

_____ Nòt

Baze repons ou a kesyon 3 al 5 sou desen sa a.



Kèk Kòz de Revolisyon Amerikèn Lan

Sous: Jeanne Schwartz, *The Story of New York State History*, Frank E. Richards Publishing Co., Inc. (adapte)

3 Nan ki peyi yo te pase 4 lwa sa yo pou te mete taks sou kolon yo? [1]

Nòt

4 Sa pou yo te fè ak taks sa yo? [1]

Nòt

5 Poukisa kolon yo pat kontan ak Wa George III? [1]

Baze repons ou a kesyon 6 al 8 sou pawòl ki nan chante sa a ak sou konesans ou an syans sosyal.

Kanal Erie an

Mwen gan yon milèt yo rele Sal
15 mil sou Kanal Erie an!
Ou pa ka bon travayè ak bon vye zanmi la,
15 mil sou Kanal Erie an!
Nou te gantan charye kèk chalan nan tan pa nou
Chalan ki te plen bwa, chabon ak zèb
E nou konn tout twou dètyè chemen an
Depi Albany jis Buffalo
(ansanm)
Men yon ti pon, tout moun kouche,
Ti pon, paske nap rantre nan yon ti vil,
E wa toujou konn vwazen w,
Wa toujou konn zanmi w,
Dabò w te navige sou Kanal Erie an.

— Thomas S. Allen

6 Dapre chante sa a, ki **2** vil Kanal Erie an te relye? [2]

a _____ Nòt

b _____ Nòt

7 Poukisa moun ki sou chalan an yo te dwe bese atè chak fwa chalan an te rantre nan yon vil? [1]

_____ Nòt

8 Bay **yon** rezon ki fè moun ak machandiz te vwayaje sou Kanal Erie an? [1]

_____ Nòt

Baze repons ou a kesyon 9 ak 10 sou enfòmasyon sa a



9 Ki libète ki bay tout Ameriken dwa pou yo di sa yopanse de Etazini? [1]

Nòt

10 Nan ki pati nan konstitisyon Etazini an yo mete lis libète sa yo? [1]

Nòt

FOR TEACHER USE ONLY
Part II Score _____
Maximum total is 11 Points